

Гугъэрэ гукъинэрэ зиІэр цІыхущ

2-нэ нап.



«ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.



Адыгэхэр къэрал псом къыщацІыху

4-нэ нап.

ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщІэсуи Іэ тевдзэ хъунущ. Абы папщІэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикІуэн хуейуэ араш.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№138 (25.044) • 2026 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 17, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ



Хэкупсэ гъэсэныгъэр япэ ирагъэщ

Дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Налшык щыІащ Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм щыІэ Чайкэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хьэщІэм щыІущІам и гугъу ящІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм и мазибгъум экономикэ и лъэныкъуэкІэ зэрызиужьа щІыкІэм.

Гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуащІахэм ящыщщ щІалэгъуалэ политикэр, къытщІэхъуэ щІэблэм гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу къэгъэхъуныр, ныбжьыщІэхэр хэкупсэу, псэкупсэ-щэнгъасэ лъапІэныгъэхэм пщІэ хуащІу щытыныр.

«Иужьрей илъэсхэм дэ мыхьэнэшхуэ идот инфраструктурэм - дыхуэныкъуэт иджырей утыкухэм, щІалэгъуалэр щызэхуэсрэ Іуэху щхьэпэхэр щагъэхьэзыру, щрагъэкІуэкІыу, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Президентым къыхилъхьа «ЩІалэгъуалэм я щІыналъэ» программэм дызэрыхэтым и фІыгъэкІэ ныбжьыщІэхэм папщІэ центру 9 къызэдгъэпэщащ, Налшык щытщІа ЩІалэгъуалэм я унэри яхэту.

Апхуэдэу, мэрем кІуам гуфІэгъуэ щытыкІэм иту ди деж къыщызэІутхащ округым щынэхъ ин дыдэхэм ящыщ «Іуащхьэмахуэ» хэкупсэ центрыр. АбыкІи Іуэхур зэфІэкІынукъым. 2027 гъэм лажьэу дутІупщынущ «Комсомолец» сабий санаторэр, Звезднэ жылэм дзэ-хэкупсэ лагерь, турист-хэкупсэ унэтІыныгъэр иІэу Екатериноградскэ станицэм «Казачий хутор» жыхуиІэхэр къызэІутхынущ.

Жыджэру дыдолажьэ «Росмолодежь» Іуэхущ Іапіэм. Налшык щокІуэкІ урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиІэ зэхыхьэхэр икІи къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа щІалэгъуалэ минхэр щызэхуос. Иджыблагъэ зэхуащІыжащ «Іэмалхэм я лъагапІэ» Урысейпсо зэхыхьэшхуэр, иджы зыхудогъэхьэзыр «Маевка» Урысейпсо турист зэлущІэм.

Гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр, дауи, еджапІэхэми щокІуэкІ, абыхэм щагъэзащІэ жылагъуэ проектхэр, Пэрытхэм я зэщІэхъеныгъэм и къудамэхэр щолажьэ.

Абыхэми я инфрастуктурэр хэпщІыкІыу къэдгъэщІэрэщІэжащ. «ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ 2019 гъэм къыщыщІэдзауэ еджапІэ 24-рэ духуащ, 88-рэ зэдгъэпэщыжащ. Илъэсыр иухыным и пэ къихуэу иджыри 38-рэ зыхуей хуэдгъэзэнущ, апхуэдэу колледжхэм я унэу 5 къэдгъэщІэрэщІэжынущ. Ди мурадщ иджыри еджапІэ 17-м апхуэдэ лэжьыгъэхэр мыгувэу щедгъэкІуэкІыну».

КІуэкІуэ Казбек Чайкэ Юрий фІыщІэшхуэ хуищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ къызэрыхуищІым папщІэ икІи жиІащ Президент Путин Владимир къигъэува къалэн псори гъэзэщІэным адэкІи иужь зэритынур.

Саугъэт щхьэхуэ къихьащ



Къэрал псом щыщ хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэхэр щызэхуэсащ «Урысей» Лъэпкъ центрым.

«СОЗИДАТЕЛИ» урысейпсо зэхыхьэм хэтахэм я проектхэр утыку кърахьащ, Іэщ Іагъэ Іхэр я Іуэхум зэрызрагъэужьыну щІыкІэхэм тепсэлъыхьащ.

Іуэхугъуэ нэхъыщхьэр «Урысейм и хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэ» саугъэтыр къэхьынырт. Мы гъэм а цІэм щІэкъуну зэпеуэм къыхыхьат мини 6-м щІигъу, ауэ пашэ хъуар цІыху 13-щ: текІуахэт Іыхьэ нэхъыщхьэу 10-м щагъэбелджылащ, щхьэхуэу 3 ягъэлъапІащ.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, «Илъэсым и хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэ» саугъэт хэхар къратащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Къуныжь Теймураз. Нэхъ ипэкІэ и гугъу зэрыфхуэтщІащи, щІалэм «Дадэ» зыфІища унагъуэ Іуэхущ Іапіэр къызэригъэпэщауэ пасэрей хабзэхэм тету гъэшхэкІхэр щІыным зрегъэужь.

«Мы саугъэтыр си дежкІэ Іэмалыфщ, къуажэ цІыкІум ущыщми, хьэрычэт Іуэху къызэбгъэпэщу абы зэрызебгъэужьыфынур бгъэлъэгъуэнымкІэ. «Дадэ» фермэр гъэшхэкІхэр къыщыщІэдгъэкІ Іуэхущ Іапіэ къудейкъым, атІэ си унагъуэм и тхыдэщ, ди адэжьхэм пщІэ зэрахуэтщІщ, лъэпкъ хабзэхэр иджырей дунейм щыщ Іыхьэ тщІыну дыхущІэзыгъэкъущ. Мы ди Іуэхум хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэхэр тригъэгушхуэну сыхуейщ», - къыхегъэщ Къуныжьым.

ЩІалэм дохъуэхъу саугъэтым ехъулІэныгъэфІхэр къыхудэкІуэну, и лэжьыгъэри и мурадхэри къыдэхъуну ди гуапэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Купщ Іафіэу екІуэкІа илъэсих

Къэбэрдей-Балъкъэрым унафэр щызегъэкІуэнымкІэ центрыр илъэси 6 ирикъуащ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Іуэхущ Іапіэм и махуэшхуэр зэригъэлъапІэмкІэ и щІэджыкІакІуэхэм ядэгуэшащ.

ИЛЪЭСИХ хъуауэ, унафэр зыІэщІэлъхэмрэ цІыхубэмрэ зэпыщІэн къалэныр екІуу зэфІегъэкІ ЦУР-м. Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэхэм тхьэмахуэ къэс Іэтащхьэм къыІах интервьюхэм Іупщ Іу къыщыхощ республикэм щекІуэкІ лэжьыгъэри, гу зылъытапхъэ щыщІэныгъэхэри, мурадыщІэхэри.

Зызымыхъуэжу къанэр зыщ: цІыхурщ ЦУР-м и лэжьыгъэр зытеухуар.

«Махуэ къэмынэу, дэ цІыхухэм зэрызыкъытхуагъазэ упщІэхэм, лъэІухэм, лъэпощхьэпохэм жэуап идот, Іуэхур зэфІэзыхыпхъэ Іуэхущ Іапіэхэм запыдощІэ. КъулыкъущІапІэхэр электрон Іэмалкіэ лажьэу идогъасэ, Іэщ Іагъэлхэм проектыщІэхэр ядыдоухуэ, республикэм щекІуэкІым елъытауэ, щІапхъэр доубзыху», - щетх ЦУР-м и гуфІэгъуэ напэкІуэцІым. - А лъэныкъуэ псоми я щІыбагъ къыдэтщ ди лэжьакІуэ гупыр: администраторхэр, къулыкъущІапІэхэмрэ муниципалитетхэмрэ я лэжьакІуэхэр, цІыху къызэрыгуэкІхэр. Дэпэкіи дэтхэнэ зыми и макъыр зэхэтхынущ, дэтхэнэ Іуэхуми хэкІыпІэ къыхуэдгъуэтынущ».

Щапхъэ хъуа гъащІэ гъуэгу

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Есчындар Михаил къыщалъхуа махуэмкІэ ехъуэхъуащ.

«ЕСЧЫНДАР Михаил Абдурэхьман и къуэр Кавказ Ищхъэрэм ит республикэ псоми фІыуэ щацІыху. Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу, ди лъахэгъум къыщалъхуа махуэмкІэ сохъуэхъу.

Михаил Абдурэхьман и къуэр УФ-м и Правительствэм къедзауэ лажьэ Финансхэмкіэ университетым и президентщ икІи щІэныгъэ Іуэхухэмкіэ и унафэщІщ, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, экономикэ щІэныгъэхэмкІэ докторщ, Урысейм егъэджэныгъэмкІэ и академием и академикщ.

Абы къикІуащ щІэныгъэлІышхуэм, Іэщ Іагъэм хуэІэзэ, цІыхугъэшхуэ зыхэлъ, лэжьэгъухэми, ныбжьэгъухэми, гъэсэнхэми зи псалъэм и хьэтыр ялъагъу цІыхум и гъащІэ гъуэгу. Михаил адрейхэм къахощ и цІыхугъэ лъагэмкІэ, и щІэныгъэмкІэ, и зэфІэкІымкІэ щІалэгъуалэм зэрадгэуашэмрэ хэт щхьэкІи гугъу зригъэхьыну зэрыхъэзырымкІэ. Абы и унафэм щІэту экономикэми финанс Іуэхухэми Іэщ Іагъэлі куэдым гъуэгу щыпхашащ.

Узыншагъэ быдэ, гукъыдэж мыухыж, ди Хэкур езыгъэфІэкІуэн ехъулІэныгъэщІэхэр иІэу, иджыри илъэс куэдкІэ псэуну гурэ псэкІэ сохъуэхъу ди лъахэгъу цІэрыІуэм и махуэшхуэмкІэ!

Пашэ хъуащ

«ФІагъым и дунейпсо махуэ» форумым хэту Москва иджыблагъэ щекІуэкІащ «ФІагъым и пашэ-2026» урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэр щагъэлъапІэ зэІущІэ.

«ЗА лидерство в повышении эффективности государственного управления качеством» унэтІыныгъэ щхьэхуэм къыщыхэжаныкІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам. Къыхагъэщащ министерствэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэм и шынагъуэншагъэр егъэфІэкІуэным, зэгъэзэхуауэ Іэнатіэр зегъэкІуэным и мардэхэр пхыгъэкІыным ведомствэхэм зэдайуэ къагъэсэбэп Іуэху бгъэдыхьэкІэр.

«ФІагъымкІэ унэтІакІуэ-пашэ» унэтІыныгъэм нэхъыфІу къыщалъытащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и Перинатальнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм клинико-эксперт лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ Мамхэгъ Иннэ. Абы къызэригъэпэщащ унэтІакІуэхэм я еджапІэ, Урысейм и щІыналъэ 14-м щыщ Іэщ Іагъэлі мин 16 иригъэджащ.

Тыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм иратыжащ УФ-м сатумрэ промышленностымкІэ и министр Алиханов Антонрэ ФІагъымкІэ урысей Іэнатіэм и унафэщІ Протасов Максимрэ.

«ЦІыхур щыпсэу щІыпІэм емылъытауэ псоми зэхуэдэу фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр яІэрыхьэу Іуэхур зэтеублэныр узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и къалэн нэхъыщхьэу къонэж. Ар зыхуей хуэдэу гъэдэщІэным Іуэхугъуэ куэд къызэщІеубыдэ: сымаджэхэм зэреІэзэм и фІагъым хэгъэхъуэныр, абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр, профилактикэм зегъэужьыныр, иджырей бжыгъэ технологиехэр къэгъэсэбэпыныр.

«КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэ купщІафІэм папщІэ фІыщІэ яхузощІ, адэкІи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм яхуэщхьэпэн Іуэхуф Іхэмкіэ ехъулІэныгъэхэр яІэну сохъуэхъу», - щитхащ КъБР-м и Іэтащхьэм Максим щиІэ напэкІуэцІым.

Зэпеуэм щытекІуахэр

«ЩІэныгъэ» Урысейпсо зэгухьэныгъэмрэ УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэмрэ хэплъэжащ «ЩІэныгъэ».УнэтІакІуэхэр» урысейпсо проектым кърикІуахэм. Зэпеуэм хэтащ къэралым и щІыналъэ 86-м я лІыкІуэхэр. Зэхьэзэхуэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щытекІуахэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цІыхупщІ. А хъыбар гуапэр къралъхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм Максим щиІэ напэкІуэцІым.

«УНЭТІАКІУЭ-ЕГЪЭДЖАКІУЭ» Іыхьэм щытекІуащ Щомахуэ Ларисэ, Гаджиевэ Эльмирэ, Мамий Дианэ, Атэбий Альбинэ, Мэремщауэ Заремэ, Снигиревэ Людмилэ.

«УнэтІакІуэ-унафэщІ» жыхуиІэм бжьыпэр щаубыдащ КІэрэфо Оксанэ, Къудей Иннэ, Шэрий Раметэ, Жарашуевэ Эльмирэ.

Зэхьэзэхуэм хэта псоми утыку кърахьащ езыхэм я лэжьэкІэм и щапхъэхэр, еджакІуэхэм я зэчийм зегъэужьыным хуэгъэпсауэ къагъэсэбэп хэкІыпІэхэр, щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным зегъэужьыным хуэгъэпса Іэмал гъэщІэгъуэнхэр.

Тонн мин 251-рэ

2026 гъэм зэрыщІидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней Іуэхущ Іапіэхэм хадэхэкІыу тонн мин 17,5-рэ хуабэщхэм къыщагъэкІащ. Абы щыщу тонн мин 17,1-м щІигъур бэдрэжанщ, нащэр тонн 400-м нэблагъэ хъуащ.

КЪИЩЫНЭМЫЩІАУЭ, республикэм и губгъуэхэм хадэхэкІыр щызэщІакъуэжныр и кІэм нэблагъэщ. Мы гъэм жэпуэгъуэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу псори зэхэту тонн мин 251,3-рэ кърахьэлІэжащ. Иджы Іуахыж къэбыстэмрэ балыджэ фІыцІэмрэ, къитащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм.

БОРИЙ Ратмир.

Аруан щІыналъэм и библиотекэ нэхъыщхьэу Нарткъалэ дэтыр зыхуей хуэгъэзэным теухуа Іуэхухэр и кІэм нэблэгъащ. Ар щыщщ «Унагъуэ» лъэпкъ Іуэхум хыхьэу щэнхабзэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ зэфІах лэжьыгъэм.

ЩЭНХАБЗЭ Іуэхущ Іапіэр къэгъэщІэрэщІэжыным хухахащ сом мелуан 15,5-рэ. Абы и фІыгъэкІэ библиотекэр щІэрыщІэу зэтрагъэпсыхьыжащи, мы щІыпІэм щыпсэухэм Іэмал яІэщ абы тыншу тхылъ щеджэну, я щІэныгъэм щыхагъэхъуэну, къыщызэрагъэпэщ зэІущІэхэм хэтыну.

Пэшхэр иджырей зэманым къезэгъыу зэрахьащ, зыхуеину унэлъащІэхэр, тхылъ телъхьэпІэхэр щагъэуващ, иджырей компьютерхэмкІэ, стІолхэмкІэ, шэнтхэмкІэ, интерактивнэ Іэмэпсымэхэмкіэ, Интернеткіэ къызэрагъэпэщащ. Къинэмыщ Іауэ, зи узыншагъэм къимыхьхэм - зи тхьэкІумэм фІыуэ зэхимыххэм, зи нэм сэкъат иІэхэм - гулъытэ хуащІащ, зыхуеину унэлъащІэхэри щІагъэуващ.

Библиотекэм и тхылъ хъумапІэм хэлъхэм я бжыгъэми къыхагъэхъуащ. Къагъэщ Іэрэщ Іэжа библиотекэр иджы тхылъ хъумапІэ къудей мыхъуу, жылагъуэм яхуэгъэза лэжьыгъэ щызэфІах Іуэхущ Іапіэу къагъэсэбэпыфынущ.

Библиотекэм и унафэщІ Молэ Заремэ жиІащ я Іуэхущ Іапіэм хьэщІэщ, щеджэ, газетхэмрэ журналхэмрэ щахъумэ, компьютерхэр зыщІэт пэш щхьэхуэхэр зэрилэр, къекІуалІэ цІыхухэм я дежкІэ ар зэрытыншыр, иджырей зэманми къызэрезэгъыр, дэтхэнэ зыри дэзыхьэхын гуэр абы къызэрыщигъуэтынур. Абы щІигъу-

Тхылъ хъумапІэр къагъэщІэрэщІэжащ

жащ, я ныбжьым емылъытауэ, къуажэдэс нэхъыжьи нэхъыщІи библиотекэм куэду къезышэлІэн зэгухьэныгъэ, гупжьей щхьэхуэхэр, зэхыхьэ гъэщІэгъуэнхэр къыщызэрагъэпэщыну зэрамурадыр.

- Къагъэщ Іэрэщ Іэжа библиотекэр балигъи сабии гъэщІэгъуэн зэращыхъунум делІэлІащ: тхылъхэмкІэ, джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ, компьютерхэмкІэ, телевизорхэмкІэ, экранышхуэ зыщІыгъу проекторкІэ къызэдгъэпэщащ, - жиІащ библиотекэм и методикэ къудамэм и унафэщІ Повод Светланэ. - Си щхьэкІэ иджы сфІэфІ дыдэу лэжьапІэм сыкъокІуэ икІи ди зэхыхьэхэр нэхъ щІэщыгъуэу икІи гукъинэжу къызэрызэгъэпэщыным сыхущІокъу.

Методист Кацубеевэ Ольгэ жиІащ библиотекэр зэраухуэрэ мы гъэм илъэс 38-рэ зэрыхъур, ар къызэрызэІуахрэ иджыщ япэу къанэ щымыІэу зыхуей щыхуагъэзар. Иджы библиотекэм псори ирагъэблагъэ, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм, класс нэхъыжьхэм щеджэхэм папщІэ абы щІэ куэд щызэхуахьэсащ, иджырей тхакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэр хыхьэу. Къинэмыщ Іауэ, сурэт щызытрагъэх хъуну плІанэпэ гъэщІэгъуэни абы щагъэуващ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Лъэпкъхэм я лІыхъужьхэр

КъБКъУ-м щокІуэкІ «Герои мифов и легенд народов России» гъэлъэгъуэныгъэр.

АБЫ къызэщІеубыдэ хъыбарегъащІэ плакат щхъуэкІэплъыкІэ 20. Дэтхэнэми къыщыгъэлъэгъуэжащ лъэпкъхэм я Іуэрыіуатэ щІэинхэм узыщрихьэлІэ лІыхъужьхэр. Абыхэм ящыщщ Кавказым ис лъэпкъхэм, финно-угорскэ, урыс, башкир Іуэрыіуатэм я лІыхъужьхэр, Тыркум, Сыбырым, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэухэм я эпосым къыхэщыжхэр.

Мы лэжьыгъэхэм щыболъагъу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я Іуэрыіуатэм зы лІыхъужьым и цІэр зэтемыхуэу хэтынкІэ зэрыхъунур. КъБКъУ-м гъэсэныгъэ Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІ Джэрыджэ Залинэ и псалъэм къыхигъэщащ гъэлъэгъуэныгъэр щІалэгъуалэм я дежкІэ зэрысэбэпыр, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я Іуэрыіуатэм зыщагъэгъуэзэным теухуауэ.

- Университетым щІыпІэ куэдым щыщхэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу щоджэ. Выставкэм хагъэхьащ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыхъужьхэр. А лъэпкъхэм щыщу ди деж щеджэ щІалэгъуалэм къацІыхуж зэрыгушхуэ лІыхъужьхэр икІи лъапІэ ящохъу я лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, Іуэрыіуатэм ди щІыналъэм пщІэрэ гулъытэрэ зэрыщыхуащІыр. Къинэмыщ Іауэ, нэгъуэщІ лъэпкъхэм я Іуэрыіуатэм щыщ хъыбархэм, абы къыхэщыжхэм зэрызыщагъэгъуазэр уасэншэщ. ЛІыхъужьхэм я образхэр ди тегъэщІапІэу, студентхэм дахутепсэлъыхьащ зэныбжьэгъугъэм, зэгурыІуэм, зэкъуэтыныгъэм я мыхьэнэм, - жиІащ абы.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.



ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ 2027 гъэм зыхуэдизыр гъэувыным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №175-ПП

2026 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м Налшык къалэ

«Урысей Федерацэм цIыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и IуэхукIэ» 1997 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къыдэкIа Федеральнэ закон №134-ФЗ-м, «Урысей Федерацэм и языныкъуэ закон актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм я лэжьыгъэр къызэтегъэувыIэным, Урысей Федерацэм и закон акт языныкъуэхэм къару ямыIэжу къэлъытэнымрэ Урысей Федерацэм и бюджет IэнатIэм хыхьэ бюджетхэр гъэзэщIэнымрэ хэлъ щхьэхуэныгъэхэр 2025 гъэм къэлъытэным и IуэхукIэ» 2024 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м къыдэкIа Федеральнэ закон №367-ФЗ-м и 11-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №5-РЗ-м, 1999 гъэм мазаем и 20-м къыдэкIам, и 16-нэ статьям и «ж» пунктым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрествэм къызэрыхилъхьам тету, 2027 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр зы цIыхум тещIыхьауэ - сом 21643-рэ, лэжьэфыну цIыхухэм – сом 23591-рэ, пенсионерхэм - сом 18613-рэ, сабийхэм - сом 20994-рэ хъууэ щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

Гугъэрэ гукъинэрэ зиIэр цIыхущ



Лэскэн районым и Хьэтуей къуажэм зэхыхьэ щхьэпэ щызэхашащ. Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, щIэныгъэлI Нало Ахьмэдхъан и фэеплъу къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щрагъэкIуэкIащ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ «Iуэрсэр» зыфIащар. Налом и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм ящыщ пычыгъуэхэм гукIэ къеджэнрат зэпеуэр зытраухуар.

«ГУГЪЭРЭ гукъинэрэ зиIэр цIыхущ. ЦIыхум ищIар ищIэжу, ищIэнум гугъэ мурад хуиIэу щытщ. Гугъэр цIыхущ, мыгугъэр цIыхуу щытами, цIыхужкъым», - итхащ Нало Ахьмэдхъан. Гупсысэ куу зыхэлъ мы псалъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI Нало Ахьмэдхъан къызэралъхурэ илъэси 105-рэ мы гъэм зэрырикъуам иращIэкIа Iуэхухэм язщ мы зэIущIэр.

Ар зи жэрдэмыр анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондырщ, Хьэтуей къуажэ администрацэр и дэIэпыкъуэгъуу.

Зэхуэсым хэтащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доцент, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Абазэ Албэч, «Адыгэбзэ хасэм» и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель Табыщ Мурат, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, тхакIуэ Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь Истэпан Залинэ, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэр, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Тхьэгъэзит Юрэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ щыIэ фондым и тхьэмадэ ЩоджэнцIыкIу Леонид, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и унафэщI ХьэцIыкIу Рае, Ахьмэдхъан и бынхэу Даутрэ Ирэрэ, Нало лъэпкъым щыщу Хьэщауэрэ Залымджэрийрэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, Лэскэн районым къедза къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэм къикIа ныбжьыщIэхэр, абыхэм я егъэджакIуэхэр, сабийхэм я адэ-анэхэр, нэгъуэщIхэри.

- Нобэрей зэпеуэр къыщызэдгъэпэщым щIэгъэкъуэн къытхуэхъуащ Хьэтуей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ ДзыхьмыщI Анзор, Лэскэн щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бэгъущэ Юрэ. Зэпеуэм щытекIуэнухэм папщIэ саугъэтхэр щыдгъэхьэзырым, щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуэхъуащ Нало Залымджэрий, - жиIащ зэIущIэр къызэIузыха икIи езыгъэкIуэкIа Къардэн-Бакъ Мадинэ.

Зэхьэзэхуэм хэт ныбжьыщIэхэр утыку къызэрихьэну щIыкIэр пхъэидзэкIэ яубзыхуащ. Абыхэм зэпеуэм зэрызыхуагъэхьэзырар къапщытащ Абазэ Албэч, Табыщ Мурат, Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ, Истэпан Залинэ сымэ.

ХьэцIыкIу Рае къыщыпсалъэм жиIащ:

- Нобэ адыгэбзэм елэжьхэр зэрыщыту езыгъэджа, щIэныгъэ езыта, Хэку зауэшхуэм зи лIыгъэ щызыгъэлъэгъуа адыгэлIщ Нало Ахьмэдхъан. Ар зэрыцIыхушхуэр, лъэпкъым куэд зэрыхуищIар къыдгурыIуэу щытмэ, лъэпкъыр дылъэпкъынущи, нобэрей махуэм екIуэкIыну Iуэхур абы зы ныбзу хэувэну дыщогугъ. Бзэ зимыIэр зэрымылъэпкъым куэдрэ дытопсэлъыхь, куэд жыдоIэ, иремысэж абы ди тхьэкIумэхэр. Бзэр щыIэнращ Ахьмэдхъан и гъащIэ псом зэлэжьар. ЗыщIэхъуэпсар адыгэбзэр лэжьэн, адыгэ цIыхур зэрыадыгэр ищIэжу дунейм тетынращ, Iейм пэIэщIэ зытщIыфынращ, фIыр ди гъащIэм хэтпщэфынращ. Адыгэ лъэпкъым и гущхьэм гъэсэныгъэр нэхъ лъагэ щыхъун щхьэкIэ, Ахьмэдхъан хузэфIэкI къигъэнакъым. Ар тщымыгъупщэу, ауэ блэкI Iуэхуу мыхъуу, къыхэдвгъэухуанэ абы и гупсысэ дахэхэр ди гъащIэм. ЩIэблэ цIыкIухэр Ахьмэдхъан и тхылъ феджэу зэвгъэщIэн хуейуэ дыщIегупсысар, тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм нэхъ гъунэгъу фыхуэхъун, абы и нэхугъэр зыхэфщIэн щхьэкIэщ. ТхакIуэшхуэм итхахэм феджэу, фи адыгэ гупсысэкIэр зэтеувэным папщIэщ Ахьмэдхъан гугъу зыщIригъэхьар. АдыгэлI, адыгэ хабзэ, адыгэ псалъэ, адыгэ макъамэ щымыщIэн, Ахьмэдхъан хуэдэ цIыху щэджащэ куэд къызыхэкIын лъэпкъ Тхьэм дищI. ФIыщIэ фхузощI зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIахэм, зэпеуэм хэтыну сабийхэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм.

Зэпеуэм хэтыну ныбжьыщIэхэм зыфхуэзгъэзэну сыхуейщ: мыр зэпеуэщ, хэти увыпIэ гуэр къихьынущ, хэти къимыхьауэ къэнэнущ. Ауэ нобэ мы Iуэхум фызэрыхэтыр лIыгъэщ, цIыхугъэщ, щIэныгъэщ. КъыхэжаныкIахэм я пэр лъагэу яIэтынкъым, темыкIуэу къэнахэми ягъэзэщIа Iуэхур зэрыдахэр къагурыIуэжу, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу щIэкIыжынхэщ. Хабзэмрэ бзэмрэ ныбжьыщIэхэм едгъэщIэныр дэтхэнэ зыми ди къалэн нэхъыщхьэу къызолъытэ. Абыхэм дэ едгъэлъагъумрэ зэхедгъэхымрэ зэрызыхаубыдэнум шэч хэлъкъым, - жиIащ Рае.

Абазэ Албэч къыщыпсалъэм жиIащ:

- Псом япэрауэ, жылэ махуэ Тхьэм фищI! Налом сызэрыригъэджамрэ сызэрыдэлэжьамрэ къэфлъытэу, псалъэ къызэрызэфтамкIэ фIыщIэ фхузощI. Ахьмэдхъан, псоми зэрытщIэщи, зауэлIщ, щIэныгъэлIщ, IуэрыIуатэджщ, тхакIуэщ, ущиякIуэщ, адыгэ IуэрыIуатэм и купщIэр кууэ къызыгурыIуэу щыта цIыхущ. Абы лъэпкъым хуилэжьар къыпхуэмыIуэтэщIыным хуэдизщ. Ахьмэдхъан курыт еджапIэ нэужьым университетым щIэтIысхьауэ Хэку зауэшхуэр къэхъейри, лъахэр зыхъумэжыну тэджа лэжьакIуэбэм я гъусэу дэкIащ. Ахьмэдхъан зауэ гуащIэм лIыхъужьыгъэ къыщигъэлъагъуэу хэтащ сапёру. Ар зыхэхуам ухэтын нэхъ гугъу зэрыщымыIэм дыщыгъуазэщ. Псоми дощIэ, сапёрыр зэщ зэрыщыуэр, зэрыжаIэр.

Берлин нэскIэ зи псэр нэзыхьэсу 1945 гъэм накъыгъэм и 6-м рейхстагым и щыгум иувэфа зауэлI хахуэхэм яхэтащ Нало Ахьмэдхъан. Зауэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэм папщIэ абы къэрал дамыгъэ куэд къыхуагъэфэщауэ щытащ - Хэку зауэшхуэм и ордену тIу, «Невский Александр», «Вагъуэ Плъыжь» орденхэр, Совет Союзым и медалу пщыкIуплI, Польшэ Республикэм и медалу зы.

ЩIалэ дыдэу Хэку зауэшхуэм хэта Ахьмэдхъан игу къинащ а зэман хьэлъэм ди цIыхухэм зэрахьа лIыхъужьыгъэр, гугъуехьрэ бэлыхьу ягъэвар зыхуэдизыр, цIыхухэр зыгъэдахэ гурыщIэ къабзэр, цIыхугъэр яфIэмыкIуэду а лъэхъэнэ гугъум зэрызэдэпсэуахэр. Налом и тхыгъэхэр гум имыхуж ящI а псори пэжу, къабыл пщыхъуу уи нэгу къызэрыщIигъэувэм.

Къэжэр Хьэмид и еплъыкIэмкIэ жыпIэмэ, «псынщIэрыпсалъэ щхьэфэтегъэжу мыхъуу, гъэхуауэ Хэку зауэшхуэм щалъэгъуа пэжыр зи бзэкIэ къэзыIуэтэну зыхузэфIэкIар тхакIуитIщ: КIыщокъуэ Алимрэ Нало Ахьмэдхъанрэщ».

Албэч ныбжьыщIэхэм къазэрыгурыIуэным нэхъ тегъэщIауэ тепсэлъыхьащ Налом и гъащIэмрэ и тхыгъэхэмрэ лъэпкъым дежкIэ яIэ мыхьэнэм.

АдэкIэ зэIущIэм пащащ нэхъыщхьэу щIызэхуэса IуэхумкIэ.

Зэпеуэм хэта еджакIуэ тIощIрэ зым я ныбжьыр илъэс пщыкIущым къыщыщIэдзауэ пщыкIухым нэст. Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм къыхахыу ягъэхьэзыра пычыгъуэм гукIэ къеджащ ныбжьыщIэхэр.

КъэпщытакIуэхэм яхэса Абазэ Албэчрэ Табыщ Муратрэ зэхьэзэхуэм хэтахэм къахэжаныкIахэм я цIэхэр къраIуащ.

Гум дыхьэу, гъэхуауэ къызэреджам папщIэ Жылэтэж Даянэ хуагъэфэщащ «Гран-при»-р. Арщыдан къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м къикIат пщащэр, и егъэджакIуэр ПхытIыкI Люсэщ. Япэ увыпIэр къихьащ Урыху къуажэм и курыт еджапIэ №1-м и 8-нэ классым щIэс Тэнащ Iэминэ (егъэджакIуэр Былымгъуэт Ритэщ). ЕтIуанэ увыпIэр ныбжьыщIитIым зэдагуэшащ: Ерокъуэ къуажэм Мэсей А. и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэм и епщIанэ классым щеджэ ПщыукI Даринэрэ (егъэджакIуэр Безрокъуэ Аринэщ) Анзорей къуажэм Табыхъу Хь. и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэм и ебгъуанэ классым щIэс ШэрIужь Дианэрэ (егъэджакIуэр Къуэкъуей Оксанэщ). Ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ ныбжьыщIищым: Урыху къуажэм дэт курыт еджапIэм и епщыкIузанэ классым щеджэ Ержыб Iэсхьэд (егъэджакIуэр Былымгъуэт Ритэщ), Хьэтуей къуажэм дэт курыт еджапIэм и епщIанэ классым щеджэ Таз Даринэрэ МэшылI Миланэрэ (я егъэджакIуэр БищIо Мафурэщ).

Фондым игъэлъэпIахэм нэмыщI, нэхъ гунэс ящыхъуауэ ныбжьыщIитI къыхагъэщащ. Ахэр Хьэтуей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ ДзыхьмыщI Анзор игъэлъэпIа Жылэтэж Даянэрэ Нало лъэпкъым и нэхъыжьхэм я саугъэтыр зылъагъэса Тэнащ Iэминэрэщ.

Зэхьэзэхуэм хэта ныбжьыщIэхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ ягъэлъэпIащ щIыхь тхылърэ ахъшэ саугъэткIэ.

Къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ Нало Аслъэнджэрий.

- Зэхыхьэм хэтахэми, зыкърезыгъэхьэлIахэми, къызэзыгъэпэщахэми Нало лъэпкъым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхудощI. Нобэ нэхъыкIэ фымыхъуу, бын гуфIэгъуэ флъагъуу, узыншагъэ фыщымыщIэу Тхьэм фигъэпсэу! Сыт хуэдэ Iуэху къефхьэжьэми дыхьэзырщ зыфщIэдгъэкъуэну. Гугъуехьыншэ фыхъу, дывгъэлъэпIащ. Адыгэ лъэпкъым цIыху гуащIафIэ куэд диIэщи, нэхъыбэж хъуну сыхуейщ. Адыгэбзэм и къуэпсыр мыкIуэдыжыным телажьэ дэтхэнэ зыми фи пщIэр лъагэ Тхьэм ищI, фи Iуэху фIы ирикIуэ, - жиIащ абы.

Зэхуэсым хэтахэм фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ Дзыхьмыщ Анзор.

- ЦIыхур цIыху зыщIыжыр цIыхурщ. ЦIыху зымылъытэр цIыху и уасэкъым, жаIэ. УзыгъэлъапIэри узыгъэбжьыфIэри цIыхурщ. Нобэ мыбдеж фыкъызэрыкIуам нэхъ гугъуехь Тхьэм къывимыткIэ. ДывгъэлъэпIащ, дывгъэгушхуащ. Зи цIэр дгъэлъапIэ Нало Ахьмэдхъан хуэдэ цIыху щэджащэ куэд ди лъэпкъым къыхэкIыну сохъуахъуэ. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, срогуфIэ, срогушхуэ апхуэдэ цIыху щыпкъэ куэд ди жылэжьым къызэрыдэкIам. Адыгэ лъэпкъым ди набдзэщ Нало Ахьмэдхъан. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм гъэсэныгъэ къызыхэпх хъун тхыгъэ куэд къытхуигъэнащ, абы ищIамрэ илэжьамрэ дригушхуэу, дрипагэу, дгъэпэжу, и жьауэм дыщIэту, къытщIэхъуэ щIэблэм едгъащIэу дыкъэгъуэгурыкIуэну Тхьэм жиIэ!

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ щыIэ фондым и щIыхь тхылъымрэ медалымрэ ЩоджэнцIыкIу Леонид иритащ Дзыхьмыщ Анзор, къуажэмрэ щIэблэмрэ заужьыным и гуащIэ зэрыхилъхьэм папщIэ.

Къуажэм и Iэтащхьэм зэрыхуэарэзыр къыхагъэщу, псалъэ гуапэ куэд хужаIащ жылэдэсхэми.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Псэм зыщигъэпсэху щIыпIэ

● Къуажэ гъащIэ



Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и журналист Мыз Ахьмэдрэ сэрэ, республикэм щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Иуан Аскэрбий гъусэ дыхуэхъукIэрэ, ди щIыналъэм и Къущхьэхъу хъупIэхэм мы гъэми къытедгъэзэжурэ зыбжанэрэ дыщыIащ.

ЗэщIэдгъэхьа щIыпIэхэм ящыщщ Хьэмащэ тэхъуанэм къедза Iэбгъэхэри. Абыхэм язщ Iуащхьэ мылъагэм и лъащIэм зыщIэзыгъэбыда хэщIапIэр. ДыщыIухьэм, а щIыпIэм щызэхэт егъэзэщхэм я пащхьэм ит псэупIэ зэпэщым къыщIэкIащ Зеикъуэ къуажэм щыщ Бэлай Арсен. «Фыкъеблагъэ» къыджеIэри, зыщIэс унэм абы дыщIешэ.

- Арсен, мы гъэм сыт щыгъуэ мы щIыпIэм фыкъыщихьар?

- Илъэс къэс, Iэмал зэриIэкIэ, накъыгъэм (майм) и 20-м ирихьэлIэу дыкъызэрыдэкIыным дыхущIокъу. Мы гъэми аращ. Ди мызакъуэу, адрей Iэщыхъуэхэри къэтщтэнщи, мыбы ит Iэщыр къуажэхэм нэхъ пасэу къахэтшыхукIэ, щIыIэгъуэм ирырагъэхьэлIэу мэкъумылэр нэхъ щахуогъэхьэзыр, яIэ тIэкIури хъума нэхъ щохъу.

- Мыбдежым хэт нэхъ къыщыбдэIэпыкъур?

- Нэхъапэхэм, жэмхэр мы щIыпIэм къыщыщытшым, лэжьакIуэхэри нэхъ щыдиIащ. Дэ, зэкъуэшхэм, шыхъуэми, Iэхъуэми, жэмышми, илъэс бжыгъэ хъуауэ цIыхуитху дгъэлажьэрти, псори дызэхэплъхьэжмэ, блы дыхъурт. Ауэ, иужь зэманым лэжьакIуэхэри къытхуешэлIэжыртэкъыми, шкIэхэр жэмхэм едутIыпщыжащ. Иджы Бэлай зэкъуэшищыр чэзууэрэ мыбы дыкъыдокI. Мы махуэхэм адрейхэр мэкъумылэр зэрагъэхьэзырыным иужь итщ. А Iуэхур зэрысфIэмыфIыр ящIэрти, мыбы сытесщ *(мэдыхьэшх).*

- НэгъуэщI IэнатIэ сылъыхъуарэт щыжыпIэ къыхэхуэрэ, Арсен?

- Дэ дыкъафщтэмэ, нэгъуэщI лэжьыгъэ къыщIэтлъыхъуэжын щымыIэу къысщохъу. Iэщ зыдохуэри, ди унагъуэхэр зэрытпIыр аращ. Шы бжыгъэ диIэщ. Жэмхэм къащIэтшыр тхуэщэнут, зэрытIахыр пудыIуэщ, армыхъуамэ. Мы дызэрытым щыдиIа заводыр лажьэу зэтраублэжамэ, шэри гугъу дыдемыхьу тхуетынут.

- Сыт хуэдэ Iэщ лъэпкъыгъуэ фыфейуэ мыбы тетыр?

- Швейцарием илъэс миным и кIуэцIкIэ щызэтрагъэува «швиц» жыхуаIэм хуэдэщ. Алъандэрэ диIар абы щыщщ. Ауэ иджы щIэупщIакIуэм нэхъ къилъыхъуэр лы нэхъ зытелъым хуэдэщи, «швицым» нэмыщI, ижькIэрэ Шотландием и бгылъэ щIыпIэхэм къыщагъэхъу «абердин - ангусс» лъэпкъыгъуэм щыщу зы гуу яхэдгъэхьащ. А щIыкIэм тету мы щIыпIэм Iэщ дэгъуэхэр щызыдогъэпэщ.

- Я бжыгъэкIэ дапхуэдиз хъурэ?

- Къущхьэхъум лъхуэнпIэн Iэщращ къыдэтхури, псори зэхэту жэм щищ иримыкъущ. Зэрагъэунэхуащи, мы губгъуэм къыщыхъей удзхэр дагъэ зыщIэлъым хуэдэщ, къэуатщ. Ахэр, къызэрабжамкIэ, лIэужьыгъуищэм ноблагъэ. АтIэми, шатэщ зыхужыпIэну шэ гурыхьым, къабзэм щыщу зы литрэр зэрытхуэщэр пудыкIейуэщ. Ауэ щыхъукIи, шэ литрищым бензин литр къытхущIэкIыжу аращ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, жэмхэм къащIэтшыр къуажэми къыщымыувыIэу къалэми нашэс. Дэри тыкуэнхэм зэмзэм дыщIохьэри, дызрихьэлIэр догъэщIагъуэ: шэр ди деж щыпудми, абдежым щылъапIэщ. КъызыхэкIыр, зэрыжаIэщи, плъэкIмэ къащIэ. Апхуэдэм дауэрэ уезэгъын?

- Къэралым гъэшым щхьэкIэ ахъшэ ет. А Iуэхум фыхиубыдакъэ, Арсен?

- Ар зэдгъэхъулIэн щхьэкIэ, шэр зэрытщэмкIэ тхылъ къытIэрыхьэн хуейщ. Ауэ дэ хэт апхуэдэ къызэIытхынур? Къэралым зэригъэув хабзэм тету шэр тIызыхын дгъуэтыркъым. Арат заводым нэхъ дыщIыхуейри. Апхуэдамэ, сэ къызэрыслъытэмкIэ, Iэщ гъэхъуным зыпызыщIэну хуейхэр нэхъыбэжу мы Къущхьэхъум къихьэнут.

- ЗэрытщIэмкIэ, зи унагъуэ, зи щхьэ хуэлэжьэжхэм ящыщу япэ къыдэкIахэм фащыщщ фэ. ФыкъызэрыдэкIри илъэс куэд щIащ.

- Япэ дыдэ къыдэкIахэм дащыщщ. Илъэс 26-рэ мэхъу мыбы сыкъызэрыкIуэрэ. Къаздэхъу Билал мыгъуэм сэрэ зэгъусэу дыкъихьат. Абы щыгъуэ колхозхэм я кIапэ-лъапэр кIуэдыжу арати, мыхэр псори нэщIт. «Узыхуей дыдэр къыхэх, хыумыгъэкIуэдэж закъуэ» жаIати, сыкъихьауэ щытащ. ИужькIэ мы пщыIэри къэтщэхужащ. Мы зэманым щIыр зи IэмыщIэ илъыр республикэм ЩIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэу министерствэращи, абы зэгурыIуэныгъэ етщIылIауэ, щIыр бэджэнду тIыгъщ.

- Иджыпсту уи закъуэщ тесыр мы пщыIэм. ТIэкIу ущызэшу къыпщыхъуркъэ? Телевизор узэриIэри долъагъу, ауэ мыдэкIэ къыбдэуэршэрын, узэпсэлъэн-сыткIэ дауэ ухъурэ?

- Си ныбжьымкIэ щIыпIэ мамырщ сызылъыхъуэ-сызыхуэныкъуэри, мыпхуэдэ даущыншэр си гум нэхъ къещтэ, Iэуэлъауэм нэхърэ. Мыбдежым, жэщ хъуамэ, апхуэдизу щым щохъури, уи щхьэм зэрызигъэпсэхур къыбощIэ. Зэзэмызэ, шкIэ цIыкIу гуэр, и анэр къилъыхъуэу, къыхэкIиикIынкIэ мэхъу, армырамэ, адрейм деж щым зэфэзэщщ. Ар сфIэфIщ...

- ХьэIуцыдз хуэдэхэм фагъэпIейтейркъэ?

- Хьэуэ. ТIэкIу нэхъапэIуэхэм елэн (рысь) щыIащ мы щIыпIэхэм. Ауэ, цIыхуу къихьэр нэхъыбэ щыхъум, ахэри IукIуэтагъэнущ. Псэущхьэхэм я деж дыщынэсакIэ, нэгъуэщI хъыбари фезгъэдэIуэнщ. Мо бгы нэпкъым ипщхьэпIэ мащIэ щиIэщ. Мы гъэм уэлбанэ нэужьу а лъэныкъуэмкIэ секIуэкIауэ сыздэплъэм, а гъуанэм и Iуфэм лъэужь гуэр къыщыслъэгъуат. «Мыр сыту пIэрэ? Елэн хъунщ мыбдежым щылъхуар!» жызоIэ сигукIэ.

Ауэрэ, зы бажэ цIыкIу мыбыкIэ еущэкIыжырт, пшапэ зэхэуэгъуэ хъуауэ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм и пщэдджыжьым, тIэкIу нэхъ жьыуэ секIуэкIащ абыкIэ. А бажэ цIыкIур лъхуауэ исщ абдежым. МыбыхэмкIэ къыщекIухьри, йоущэкIыж. Аращи, мыбдежым сыщизакъуэкъым, бажэ лъхуа щызигъунэгъущ *(мэдыхьэшх).*

- Зэран фызэхуэмыхъуу, дауи.

- Хьэуэ, зэран сыхуэхъуркъым. Езыри къызбгъэдыхьэркъым, къыдблэкI фIэкIа. Сэри щIакхъуэ щыкъуей тIэкIу хузохьри хузокIут. Уз зэрыпкърымытыр и зыщIыкIэмкIэ къызощIэ. ЗэрыжаIэмкIэ, уз зыпкърытыр гъунэгъубзэу къыббгъэдыхьэнущ. Сэри уеблэмэ сытекIиеркъым, сытым щхьэкIи зэран сыхуэхъун жызоIэри. ГъэщIэгъуэныр аращи, ар мыбыкIэ щыблэкIкIэ, мо ди хьэр зэ-тIэу мэбанэ, щегъэтыжри, и гугъу имыщIу блегъэкI.

- ЩэхуакIуэхэр Къущхьэхъуми къыщихьэ къэхъурэ?

- АтIэ! Дыдейхэм къинэмыщIауэ, Осетие Ищхъэрэм нэс къикIхэри щыIэщ. Абыхэм бгъэ хъуахэр е нэхъ зэхъуэпсахэр ядощэ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

● Мэкъумэш

IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп

2026 гъэм зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым псы зыщIагъэлъадэ и мэкъумэш хьэсэхэм гектари 7-м нэблагъэ къыхагъэхъуащ. Ар яхузэфIэкIащ псы щIэгъэлъэдэным хуэщIа иджырей технологиехэр я лэжьыгъэм жыджэру къызэрыщагъэсэбэпым и фIыгъэкIэ, щыжаIащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

АБЫХЭМ ящыщщ уэшх къыщешхым деж хуэдэу хьэсэхэр псыкIэ зыгъэнщI, щIыпIэшхуэхэр зэуэ къызэщIэзыубыдэ машинэхэр. НобэкIэ апхуэдэхэм я бжыгъэр 500-м щыщIегъу республикэм.

Псыр ихъуреягъкIэ зэрызэбграутхыкI спринклерхэр, ткIуэпс-ткIуэпсурэ псыр зэрыщIагъэхьэ Iэмэпсымэхэри мымащIэу къыхашэ лэжьыгъэм икIи ар нэхъыбэу къагъэсэбэп хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ къэзыгъэкIхэм.

Республикэм и мэкъумэш къэкIыгъэхэм псы зэрыщIагъэлъадэ иджырей техникэхэр губгъуэхэм щагъэув ноби.

БОРИЙ Ратмир.

Дунейм щыхъыбархэр

ЦIыхухэм дзыхь хуащI

- «Урысей зэкъуэт» партым щыуагъэ ищIэнуи купщIэншэ псалъэ жиIэнуи хуитыныгъэ иIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къэралым и къулыкъущIапIэ IэнатIэ псоми я зэфIэкIыр игъэлъэхъшэнущи, - щыжиIащ УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и унафэщIым и къуэдзэ Медведев Дмитрий Къэрал Думэм щызэхэта зэIущIэм.

Абы къыхигъэщащ екIуэкIа хэхыныгъэм «Урысей зэкъуэтым» къыщихьа текIуэныгъэр цIыхухэм партымрэ къэралым и президент Путин Владимиррэ хуащI дзыхьым и щыхьэту къызэрилъытэр. «Урысей зэкъуэтым» и унафэщIым жиIащ Къэрал Думэм и зэхуэсыгъуэщIэм и пэщIэдзэм партым и лэжьыгъэ псори нэсу зэтеублауэ, апхуэдэуи абы къыхилъхьэ жэрдэмхэм къапэкIуэр нэрылъагъуу зэрыщытыпхъэр.

- «Урысей зэкъуэтым» и депутатхэр псори парт гъащIэм жыджэру хэтын хуейщ, зи лIыкIуэ щIыналъэхэм щекIуэкIым фIыуэ хащIыкIыу, абыхэм я Iуэху зэрыдагъэкIыным хущIэкъуу, - дыщIигъужащ абы и псалъэхэм.

ПэхуэщIэхэм тегъэщIауэ

УФ-м и Правительствэм щыхэплъащ Урысейм ФинансхэмкIэ и министерствэм дызыхуэкIуэ илъэсищым тещIыхьа къэрал бюджетым хилъхьэжа зэхъуэкIыныгъэхэм.

ЩIэрыщIэу трагуэшэжа бюджет ахъшэр псори зэхэту сом триллиони 8,5-рэ мэхъу. Бюджетым халъхьэжа зэхъуэкIыныгъэхэр хуэунэтIащ къэралыр хъумэнымрэ абы и шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным, апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэпкъ проектхэм: «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр», «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «ЩIыуэпс зэIузэпэщыгъэ», «Экономикэмрэ къэралым и бжыгъэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ». Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ технологием теухуа пэхуэщIэхэм. Ахэр хуэунэтIащ къэралым къыщыщIагъэкI продукцэхэр дэIыгъынымрэ инфраструктурэ ухуэныгъэхэмрэ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил жиIащ къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэр дэIэпыкъуэгъу зэрыхъунур.

ЩэкIуэгъуэм и 17, гъубж

♦**Студентхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Сабий мылъхуэсхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ уполномоченнэ участковэхэм я махуэр**

♦**1920 гъэм** Бгырыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦**1970 гъэм** «Луна-17» автоматическэ станцым Мазэм тригъэуващ езыр-езыру зекIуэ «Луноход-1» аппаратыр.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градус 0 - 1 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

ЩэкIуэгъуэм и 18, бэрэжьей

♦**1917 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик цIэрыIуэ, 1956 - 1985 гъэхэм КъБР-м и УнафэщIу щыта **Мэлбахъуэ Тимборэ**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тыгъуэн Рашад**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ журналист, тхакIуэ, АР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Багъ Нурбий**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ композитор, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Натхъуэ Жанхъуэт**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артист, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Нэхей Аслъэн**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ УФ-м и ХъумапIэ банкым и IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщIу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Урысбий Хьэмидбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градус 1 - 6 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 19. Абыхэм ящыщу 8-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

ЩэкIуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 358-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 7560-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Акъыл зиIэм и щхьэ урилъытынщ.

Налшык и уэрам зэпэщ

Налшык къалэм 2-нэ Таман дивизием и цIэр зезыхьэ уэрамым ирикIуэу щаухуэ ТекIуэныгъэм и паркым и етIуанэ Iыхьэр зэфIэкIащ. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, къитащ щIыпIэ администрацэм.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, метр зэбгъузэнатIэу мин 12-м щIигъу хъууэ паркым и япэ Iыхьэм ирагъэубыда щIым тротуар плиткэхэр иралъхьащ, абы щыпхаша аллее Нэхъыщхьэр, Курытыр, ЕтIуанэр, ЛIыхъужьхэм я Аллеер зэIузэпэщ ящIащ.

ЕтIуанэ лэжьыгъэ Iыхьэм хиубыдэу лъэс лъагъуэхэр зыхуей хуагъэзэн щIадзащ, лъэс лъагъуэхэм плиткэхэр иралъхьащ, ток кIапсэхэр щIы щIагъым щагъэпщкIуащ, иджырей уэздыгъэхэр зыпадзэну пкъохэр ягъэуващ.

Апхуэдэуи ТекIуэныгъэм и паркым жыгыщIэ цIыкIухэр куэду щыхасащ. ЖыпIэнурамэ, жыг зэхуэмыдэу 216-рэ - абыхэм ящыщу 72-р шыкIуртIыму, 72-р бзиихуу, 72-р пхъэхуейуэ.

ИщхьэIуэкIэ зи гугъу щытщIа къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, а уэрам дыдэм иджыри экстрим-парк щаухуэ. НобэкIэ лэжьакIуэхэр йогугъу сабийхэм я джэгупIэм хэт скалодромымрэ скейт-паркымрэ. Абыхэм къадэкIуэу, иджырей уэздыгъэхэм хуэщIа торшерхэр зыпадзэну пкъохэри ягъэув.

Къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ къыщакIухьыну, я нэгу зыщрагъэужьыну лъэс лъагъуэхэмрэ псы жапIэхэмрэ и кIэм нагъэсащ нобэкIэ.

ПэхуэщIэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, экстрим-паркым хэтынущ сабийхэм я джэгупIэ зэпэщ, щIалэгъуалэм я спорт утыкухэр, зыгъэпсэхупIэхэмрэ цIыхухэм къыщакIухьын лъагъуэхэмрэ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр щIыбым щебгъэкIуэкIыным хуэщIа амфитеатр, администрацэм и хэщIапIэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм нэмыщI, экстрим-паркымрэ Налшык и псы Iуфэмрэ зэпхауэ щытынущ.

АРХЭСТ Аслъэнбэч.

● Гу зылъытапхъэ

Зыгъэсэныгъэхэр екIуэкIынущ

Террорым пэщIэтыным хуэгъэзауэ 2026 гъэм къызэрагъэпэщыну яубзыхуа зыгъэсэныгъэхэм я плану НАК-м и УнафэщIым Iэ зыщIидзам ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабым 2026 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м Налшык къалэм щригъэкIуэкIынущ террорым ебэныным хуэгъэза зыгъэсэныгъэхэр.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым щIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ захуегъазэ пIалъэкIэ щыIэну мардэхэм зрагъэувэнкIэ хъуну щытыкIэр зэхащIыкIыну икIи къагурыIуэну.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ



ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ

Нарт Хъудымыжьрэ Лъэпщрэ зы уадэкІэ зэрыгъукІар

Тхыдэжь



Нарт Хъудымыж Къургъутамэ тесу Алыдж и къуажэ дэсащ.

Лъэпщ Пшышэжь деж мэзым гъукІэу хэсащ. Хъудымыжьри гъукІэу щытащ, ауэ тІуми зы уадэ фІэкІа яІакъым. Лъэпщ гъущІыр мафІэм пэрилъхьэу игъэплъыхукІэ уадэр Хъудымыжь къыхуидзырти, Хъудымыжь иригъукІэрт. Хъудымыжьи и гъущІыр мафІэм пэрилъхьэу игъэплъыхукІэ уадэр къыхуидзыжырти, Лъэпщыр иригъукІэрт.

Ауэ зэгуэрым Лъэпщ уадэр къигъэгувэщ къимыдзыжуи, Хъудымыжьыр куэдрэ ежьащ. Къимыдзыжыхэ щыхъум, губжьри Лъэпщ деж ежьащ кІуэну. Хъудымыжь Лъэпщ деж нэмысу, нартхэм ешхэ-ефэ яІэу абы яхэхуащ. Хъудымыжьыр къэфэну, уджыну чэзу къылъагъэсащ.

- Сэ сыпсынщІэІуэщи, ауэ сыкъэфэфынукъым икІи сыкъэуджыфынукъым, зыгуэр къэзгъуэтынщ, - жиІэри къахэкІыжащ. Вий щІэщІауэ пхъэІэщэрэ лІырэ губгъуэм вэуэ итти, кърихужьэщ, кІыщым щІихуэри бжэр хуищІыжащ.

КІыщым ахэр зэрыщІэту и дамэм тригъэувэщ, къихьри, нартхэ я ефэм къэкІуэжащ. Ахэр и дамэм зэрытету къэфэну, уджыну иригъэжьащ. И лъэгум сабэр къыщІихыу вийр зэриудэкІыу уджащ. Нартхэр елъэІури ягъэувыІэжащ.

- Ди вийр букІауэ, ди пхъэІэщэр пкъутауэ, ди цІыхуи букІынущ, апхуэдэу хъунукъым, - жаІащ нартхэм.

Ар зыщыуджар Къунчыкъуэхьэблэ дежщ. Иджыри къыздэсым а щІыпІэм «Нарт Хъудымыжь и уджыпІэкІэ» еджэу къуэ къэнауэ иІэщ.

Нарт Хъудымыжь уджым къахэкІыжри, Лъэпщ деж кІуащ. Лъэпщ и кІыщым щыІухьэм, уадэ ищІу щыту илъэгъуащ.

«Мыр сэри схуэщІынущ, сыт мыбы щхьэкІэ Лъэпщ сыщІеубзэр», - жиІэри, зыри жримыІэу къигъэзэжри къэкІуэжащ. Хъудымыжьым илъэгъуат Лъэпщ уадэ зэрищІри, езыми ищІащ.

Хъудымыжь уадэ ищІауэ Лъэпщ къыщищІэм, Лъэпщ губжьащ. «Сэрыншэу дауэ уадэ хуэщІа абы, сэращ гъукІэу щыІэм я тхьэр, сэ си ІэщІагъэм и ныкъуэр быдгъуащ», - жиІэри Лъэпщрэ Хъудымыжьрэ зэмызэуэнкІэ Іэмал имыІэу хъуащ. Апхуэдэу щыхъум, зэзауэри Лъэпщым Хъудымыжьыр иукІащ. (Къургъу кІей деж щызэзэуащ.) Нартхэм лъэщу ягъафІэу яхэтт Хъудымыжьри, ар зэриукІам щхьэкІэ Лъэпщыр бий ящІащ. Лъэпщ нартхэм яукІынкІэ шынагъуэ зэригъуэту, зищтэри щтапІэ ежьэжри, Афыпсыпэрэ Банэхэсрэ я зэхуакум мэзым щыпсэууэ, щылъащэу хуежьащ. Лъэпщ зыщылъащэу щыта а щІыпІэм деж «Лъэпщ и лъэщапІэкІэ» иджыри йоджэ.

Нартхэр сыт хуэдизрэ мылъыхъуами, Лъэпщыр ягъуэтын ялъэкІакъым. Лъэпщыр хэт къигъуэту щытми былымышхуэ иратыну щагъэІум, нарт Уэзырмэдж къигъэгугъащ нартхэр:

- ЩІым щІэмыхьамэ, къэзгъуэтынщ, - жери. АрщхьэкІэ къигъуэтын лъэкІакъым.

Къимыгъуэтауэ къыщигъэзэжым:

- «Дыкъэбгъэпцlащ», - жари Уэзырмэджыр нартхэм яукІащ.

Лъэпщ нартхэм зыри иращІэн ялъэкІакъым. ГъукІэхэм я тхьэу и гъащІэр ихьащ.



Къуажэр щІэІэпхъуар

Хъыбар

Къэзанокъуэ Жэбагъы хеящІэ хъуа нэужь, Хьэмгъурыкъуей дэсащ, бгыжьэм щІэсу. Махуэ гуэрым Жэбагъы, зыщІэс бгыжьэм и щхьэм дэкІауэ зиплъыхьу здытетым, бгыр къежьауэ дазэ иІэу щилъагъум, баш дилъхьэри къехыжащ.

МахуитІ-щы дэкІа нэужь, бгы къежьам еплъыну Жэбагъы бгыщхьэм дэкІащ, башыр здыдилъхьауэ щыта дазэм щеплъым, бгым къыдэщу дилъхьауэ щыта башыр къыдэмыщыжу екІуэтэхауэ илъэгъуащ.

Ар апхуэдэу щилъагъум, Жэбагъы гу лъитащ Хьэмгъурыкъуейр зыщІэс бгыжьэр къызэрыгуэнум. Ар Іуэху ищІри, я къуажэпщ Хьэмгъурокъуэ Едыдж деж кІуэри жриІащ:

- Жылэр дызыщІэс бгыжьэр къежьащи, къыгуэнущ, жылэр мыбдеж Іудмышу щытмэ, дыщІипытІэнщ, жылэр мыбдеж идгъэгъэкІ.

Ар Жэбагъы щыжиІэм, Хьэмгъурокъуэм, гупсысэри, игукІэ жиІащ: «Бгыжьэр къежьауэ щытми, Тхьэм имыухамэ, зыри къэхъункъым, абы сэри си жылэри дыщІипытІэнкъым, Жэбагъы и унафэкІэ си жылэр згъэІэпхъуэнкъым».

Ар игу къихьауэ, Жэбагъы, къыхуилъри, мыр къыжриІащ:

- Жэбагъы, уделэмэ, сигу ирихьынкъым, бгы дапхъэ зымылъагъужар сэра? Къэхъуну-къэщІэнур Тхьэм фІэкІа зыщІэ щыІэкъым, уэ бгы дазэм баш дэсІуар екІуэтэхащ жыпІэу жылэр бгъэунэхъуну аракъэ узыхуейр? Апхуэдэ делагъэ къызжепІэу си пащхьэ укъимыувэ!

Ар жиІэри, Жэбагъы къыщІигъэкІыжащ.

Жэбагъы жиІам Хьэмгъурокъуэр къыщемыдаІуэм, жылэм яхыхьэри, бгыжьэр къызэрежьар цІыхубэм яригъэлъэгъуащ, ар къызэрыгуэнур цІыхухэм ягуригъэІуащ. Жэбагъы къедаІуэр абдеж къыІуишри, Зеикъуэ къуажапщэм деж, Бахъсэн Іуфэм ижьырабгъу адрыщІ лъэныкъуэмкІэ, игъэтІысащ. А щІыпІэм нобэ Къэзанокъуей лъэгукІэ йоджэ.

Абы и ужькІэ куэд дэмыкІыу Хьэмгъурокъуэм едаІуэу а жылэм къыдэна тІэкІур бгыр къатеуэри щІипІытІащ. Хьэмгъурыкъуейр бгыр къатеуэу щыщІипІытІэм, «Жэбагъы а жылэр бгым зэрыщІипІытІэнур дауэ къищІэфат?» - жаІэри, ар цІыхум гъэщІэгъуэн ящыхъуащ.

Абдеж къыщегъэжьауэ Жэбагъы тхьэгурымагъуэкІэ еджэ хъуащ. Къэхъунур къэзыщІэф цІыхуу къалъытащ, езы пщыри къедаІуэу хуежьащ.

ЕтІуанэу Жэбагъы и щІыхьыр зыгъэлъагэр: ижькІэ ди лъэпкъым къадэгъуэгурыкІуа хабзэ мыхъумыщІэ куэд жылэм зэрыригъэбгынэфаращ. Ещанэу абы и щІыхьыр нэхъри зыгъэиныр: «Урысым дыкъуэмыщтмэ, щтапІэ куэдрэ дыкІуэжынкъым», - жиІэу, абыкІэ цІыхухэр игъэІущ-иущийуэ зэрыщытаращ.

Псалъэжьхэр

Бацэр и бэщ, бзур и бынщ (Бацэ фІэкІа зимыІэ тхьэмыщкІэм, ауэ бзу шыр хуэдэу лъаІуэу бын куэд зиІэм хужаІэ. Нэгъуэщ1у жыпІэмэ, тхьэмыщкІэрэ, бын куэд къепщІэкІыжауэ, жыхуиІэщ).

Жагъуэгъум и кІапэ нэхърэ - ныбжьэгъум и хъудырыпс (Дуней мылъкур къыббгъэдилъхьами, жагъуэгъум игу фІы къыпхуилъкъым, абы нэхърэ нэхъыфІщ гуащІэмащІэми, пэжу къыббгъэдэт ныбжьэгъур, жыхуиІэщ).

Жьырытэдж шатэшхщ (Мыщхьэхым, жейм зыдезымыгъэшэхым и Іуэхур къохъулІэ, жыхуиІэщ).

Жэмым зы гъуэгущ илъагъур (Акъылыншэр ерыщщ, езым жиІэм фІэкІа, нэгъуэщІ зыри зэхихыркъым, жыхуиІэщ. Езыр есауэ и хъер зыхэлъ тІэкІум фІэкІа, зыри зымылъагъум хужаІэ).

Жыхафэр щхьэцыкІэкІэ епхъэнкІ (Зи псэ емыблэжу унагъуэм Іуэху щызыщІэ нысэм хужаІэ).

- Мы пкъом дэкІуеи, уэ узыхуей дыдэм деж щыхэсэ мы мастэр, и нэр дэгъэзеяуэ, - жери.

ЛІы пхъашэр пкъом дожейри, мастэнэр дэгъэзеяуэ пкъо натІэм и кум деж щыхеІу. Нэгъуей Нэф гупым къажреІэ:

- Мыбы шитІ къэкІуэнущи, факІэлъыплъ: дэтхэнэр мастэнэм икІми дэтхэнэр хуэмызэу блэкІми фигу ивубыдэ! - жери, езы тІур мэшэсри, зы теуэгъуэфІ якІу аби, мэзым къыхоувэ, къауэр хэтми гупым ямылъагъун хуэдэу. Пхъэидзэ ящІри, Нэгъуей Нэф япэ уэгъуэр къылъос. КъыззэфІедзэри, къеутІыпщ и шэри, шабзэр ирелъхьэж.

ЕтІуанэ уэгъуэр лІым лъысати, къызэфІидзэри, и шэр къиутІыпщащ.

- Ухьэщ1эщ, иджыри зы шэ дзыж! - жеІэ Нэгъуей Нэфи, хьэщІэр етІуанэу къегъауэ.

- Уи лэгъунэм щІэсым и хьэтыркІэ иджыри зы шэ утІыпщыт, - жери ирегъэутІыпщ.

Іуащхьэм къагъэзэжри, зэрыхъуам щІоупщІэ.

- Уей - жаІэ, - япэщІыкІэ зы шэ емынэ къакІуэри, мастэр имыгъэхъейуэ, мастэнэм икІамэ; итІанэ шищ къэкІуати, гъунэгъуу бгъэдэмыхьа!

- Ягъэ кІынкъым, сыуэщхъуами, - жери, и хьэщІэр имыгъэкІытэу къешэж.

Жэщ хъущ, хэгъэрейхэр зэбгрыкІыжри, хьэщІэмрэ бысымымрэ къызэбгъэдэнэжа нэужь, Нэгъуей Нэфым кърегъажьэ и хъыбарыр.

- Сэри си щІалэгъуэм сигурэ си щхьэрэ зэтелъу щытащ, схуэдэ дунеижьым темыт сфІэщІу. Мис апхуэдэу дыделэ защІэу зэшибл дыхъурт дэ, шыпщэрыкІкІэ дыпсэууэ. Арати, йоуэри, махуэ гуэрым ди зэуапІэм зы гуимэ мыцІыху гуэр нохьэ. Тхуэмыгъуэтыр къэдгъуэтакъэ жыдоІэри дыкІэлъокІуэ: гущхьэІыгъыр дыубыдынщи, тшэнщ; исыр цІыхубз щІалэмэ, ди шынэхъыжьым фызу еттынщ, витІыр пшэр хуэдэщи, тшхынщ, жыдоІэри дигу догъэфІ.

Ауэрэ гуимэр хуей гуэрым йохьэри къоувыІэ. ГущхьэІыгъыр лІыжьу, гум исыр фызыжьу къыщІокІ. Ягъэ кІынкъым, витІри гуэгупэ былымы Іейкъым жыдоІэри, дэри дызэхопсыхэ, ди щІакІуэхэр додзри зыдогъэукІурий. Куэд дэмыкІыу хугу вэрымэ къоу, итІанэ лы гъур жьэрымэр къехь. Абы я ужь иту езы гущхьэІыгъри ноклуэ:

- Ди шэджагъуашхэр хьэзырщ, - жи, - ди ерыскъы фемылъэпауэ!

Деблагъэри - я пІастэр гъуэжьт, я дзажэр пшэрт, я фадэри пІащІэт. Дешхащ, дефащ. Гум шабзэ илъу къэслъагъури, сыбгъэдыхьэщ аби, бзэпсыр избзащ. Дежьэжынт щыжаІэм, дызэщІэшасэри, витІыр яфІетхужьащ.

- Апхуэдэу фымыгушыІэ, - жи лІыжьым. - Ди шыгъупІастэм хьэтыр имыІэми, ди жьыгъэм фыкъеплъ!

- Къэнэжа щыІэкъым, лъэсуи фынэсынщ, - жыдоІэри дыщодыхьэшх.

ЛІыжьым и шабзэр къызэфІедзэри, дяпэ къоувэ:

- Тхьэм и хьэтыркІэ, си жьыщхьэ лъы сывмыгъэгъажэ! - жи.

- Уи лІэгъуэ хъуащ, дэри уилъ домыгъэгъажэ! - жери ди шынэхъыжьми и сагъындакъыр къызэфІедзэ.

ЛІыжьым и шабзэр къыщыжьэдишкІэ, тІампІ жери и бзэпсыр зэпоч. Ди шынэхъыжьыр мауэ, лІыжьым и щхьэр иредзэкІри, шэр блегъэцІэфт.

Абы хэту фызыжьыр къогуо:

- А сызэрахьэкІын, уи бгъэгущталъэр тІэпІ! - жери. Бгъэгущталъэм бзэпс лейр кърепхъуэтри, мы напІэзыпІэм и шабзэр къызэфІедзэк аби, къауэр ирегъажьэри, зы шэ димыгъэдзу, шынэхъыжьыхыр ирегъэпсых. Фызыжьыр си щІыбымкІэ къоІэбэри, шым срелъэфэх аби, си нэ лъэныкъуэр схурещІ:

- Бзаджэми наджэми дерс уахурехъу! - жери.

А махуэм тхьэ сІуат сымыхъунщІэжыну, согъэпэж, ауэ уи лэгъунэ щІэсым лъэрыгъыпс щІагъкІэ сыхуумыхьыну Іэмал имыІэмэ, зэрыпхузэфІэкІщ! - жери Нэгъуей Нэфым ар къыжреІэ лІым.

ЛІыр хэплъэщ-хэплъэри:

- Делэу къалъхуар делэу мылІэжыну щхьэ Іэмал имыІэрэ! - жиІэщ аби, Нэгъуей Нэфым ехъуэхъущ, и Іэр иубыдыжри къежьэжащ.

Абы и ужькІэ лІы пхъашэми фыз пащхьэм зыщигъэщІэгъуэжакъым. Фызри Іущ хъунти, и лІым ар кърихъуэныжакъым.



Зэныбжьэгъуитl

Гъэсэпэтхыдэ

Щы1ащ-псэуащ зэныбжьэгъуитІ. Ахэр фІыуэ зэрылъагъурт, зэрыгъэпэжырт. ЗекІуэ щежьэкІэ, зэгъусэт, ежьэ къыхэкІмэ, зэкІэрымыхуу зэдыдэкІырт. Ауэ а тІур къуажэ зырызт щыпсэур. Еуэри, зы зэман гуэр дэкІауэ, зэныбжьэгъуитІым я зыр - нэхъыжьыр - сымаджэ мэхъу. Хьэдэгъуэшэр къыщыкІэщІыхьэм, и къуэр къреджэри жреІэ:

- Си лІэгъуэ хъуащ, си щІалэ. Уэ щхьэгъусэ уиІэу слъэгъуатэмэ, сымылІа хуэдэт. Уи Іэху зыхуей хуэзмыгъазэу си дуней Іыхьэр зэрызухыр сигу къоуэ. Ауэ си ныбжьэгъум деж кІуэ, адэкІэ узэрыпсэунур абы къыбжиІэнщ.

ЛІыр лІэри, и къуэм щІилъхьэжащ. Хьэдэм и дауэдапщэкэр зэфІигъэкІри, къызэрыжраІам хуэдэу, и адэм и ныбжьэгъуу щытам деж кІуащ. ЛІыр гуапэу щІалэм къыІущІащ, и нэмрэ и псэмрэ хуихьу иригъэблэгъащ:

- Сытым укъытхуихьа, си ныбжьэгъум и къуэ? - жиІэри еупщІащ.

- Си адэр дунейм щехыжым жиІат уи деж сыкъэкІуэну, адэкІэ псэуа сызэрыхъунумкІэ уэ сыночэнджэщыну, - къритащ абы жэуап щІалэм.

- Уэ, си щІалэ, пІэщхьагъ зэбгъэгъуэтын хуейщ, - къритащ лІым щІалэм чэнджэщ.

- Апхуэдэу щыхъуакІэ, уи пхъур къызэт щхьэгъусэу, - жиІащ щІалэм.

- Сэ си пхъур бзаджэщ, уэ щхьэгъусэ пхуэхъунукъым, - къет жэуап лІым.

- Мы пкъом дэкІуеи, уэ узыхуей дыдэм деж щыхэсэ мы мастэр, и нэр дэгъэзеяуэ, - жери.

ЛІы пхъашэр пкъом дожейри, мастэнэр дэгъэзеяуэ пкъо натІэм и кум деж щыхеІу. Нэгъуей Нэф гупым къажреІэ:

- Мыбы шитІ къэкІуэнущи, факІэлъыплъ: дэтхэнэр мастэнэм икІми дэтхэнэр хуэмызэу блэкІми фигу ивубыдэ! - жери, езы тІур мэшэсри, зы теуэгъуэфІ якІу аби, мэзым къыхоувэ, къауэр хэтми гупым ямылъагъун хуэдэу. Пхъэидзэ ящІри, Нэгъуей Нэф япэ уэгъуэр къылъос. КъыззэфІедзэри, къеутІыпщ и шэри, шабзэр ирелъхьэж.

ЕтІуанэ уэгъуэр лІым лъысати, къызэфІидзэри, и шэр къиутІыпщащ.

- Ухьэщ1эщ, иджыри зы шэ дзыж! - жеІэ Нэгъуей Нэфи, хьэщІэр етІуанэу къегъауэ.

- Уи лэгъунэм щІэсым и хьэтыркІэ иджыри зы шэ утІыпщыт, - жери ирегъэутІыпщ.

Іуащхьэм къагъэзэжри, зэрыхъуам щІоупщІэ.

- Уей - жаІэ, - япэщІыкІэ зы шэ емынэ къакІуэри, мастэр имыгъэхъейуэ, мастэнэм икІамэ; итІанэ шищ къэкІуати, гъунэгъуу бгъэдэмыхьа!

- Ягъэ кІынкъым, сыуэщхъуами, - жери, и хьэщІэр имыгъэкІытэу къешэж.

Жэщ хъущ, хэгъэрейхэр зэбгрыкІыжри, хьэщІэмрэ бысымымрэ къызэбгъэдэнэжа нэужь, Нэгъуей Нэфым кърегъажьэ и хъыбарыр.

- Сэри си щІалэгъуэм сигурэ си щхьэрэ зэтелъу щытащ, схуэдэ дунеижьым темыт сфІэщІу. Мис апхуэдэу дыделэ защІэу зэшибл дыхъурт дэ, шыпщэрыкІкІэ дыпсэууэ. Арати, йоуэри, махуэ гуэрым ди зэуапІэм зы гуимэ мыцІыху гуэр нохьэ. Тхуэмыгъуэтыр къэдгъуэтакъэ жыдоІэри дыкІэлъокІуэ: гущхьэІыгъыр дыубыдынщи, тшэнщ; исыр цІыхубз щІалэмэ, ди шынэхъыжьым фызу еттынщ, витІыр пшэр хуэдэщи, тшхынщ, жыдоІэри дигу догъэфІ.

Ауэрэ гуимэр хуей гуэрым йохьэри къоувыІэ. ГущхьэІыгъыр лІыжьу, гум исыр фызыжьу къыщІокІ. Ягъэ кІынкъым, витІри гуэгупэ былымы Іейкъым жыдоІэри, дэри дызэхопсыхэ, ди щІакІуэхэр додзри зыдогъэукІурий. Куэд дэмыкІыу хугу вэрымэ къоу, итІанэ лы гъур жьэрымэр къехь. Абы я ужь иту езы гущхьэІыгъри ноклуэ:

- Ди шэджагъуашхэр хьэзырщ, - жи, - ди ерыскъы фемылъэпауэ!

Деблагъэри - я пІастэр гъуэжьт, я дзажэр пшэрт, я фадэри пІащІэт. Дешхащ, дефащ. Гум шабзэ илъу къэслъагъури, сыбгъэдыхьэщ аби, бзэпсыр избзащ. Дежьэжынт щыжаІэм, дызэщІэшасэри, витІыр яфІетхужьащ.

- Апхуэдэу фымыгушыІэ, - жи лІыжьым. - Ди шыгъупІастэм хьэтыр имыІэми, ди жьыгъэм фыкъеплъ!

- Къэнэжа щыІэкъым, лъэсуи фынэсынщ, - жыдоІэри дыщодыхьэшх.

ЛІыжьым и шабзэр къызэфІедзэри, дяпэ къоувэ:

- Тхьэм и хьэтыркІэ, си жьыщхьэ лъы сывмыгъэгъажэ! - жи.

- Уи лІэгъуэ хъуащ, дэри уилъ домыгъэгъажэ! - жери ди шынэхъыжьми и сагъындакъыр къызэфІедзэ







● Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэс

Адыгэхэр къэрал псом къыщацІыху

Москва и Утыку Плъыжьым щыІэ Къэрал тхыдэ музейм къыщызэІуахащ «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр. Адыгэхэр» гъэлъэгъуэныгъэр. Ар Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр гъэлъэпІэным хыхьэу йокІуэкІ, Щэнхабзэмкіэ федеральнэ минис- терствэмрэ Адыгэ Республикэм къыбгъэдэкІ сенаторхэмрэ я нэІэ щІэту. Гъэлъэгъуэныгъэр Іэтауэ къызэІуахащ къулыкъущІэхэм, Щіэныгъэхэмкіэ Урысей академием и Іэщіагъэлİхэм, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, апхуэдэуи къалащхьэм щыпсэу адыгэхэм ящыщхэр кърихьэлİащ.





ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ утыку къыщрахьа экспонатхэм Къэрал тхыдэ музейм и къатитІым пэшіплІ щаубыдащ. Мы Іуэхум щэнхабзэмкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Адыгэ республикэм и музейхэр нэхъапэми федеральнэ проектхэм хэтащ, ауэ адыгэ лъэпкъым и тхыдэ, щэнхабзэ щІэин нэхъ къулей дыдэр «унэм щІэмыту» ягъэлъагъуэу арагъэнщ. Гъэлъэгъуэныгъэм лъабжьэ хуэхъур Урысейм и Къэрал тхыдэ музейм езым щахъумэ раритетхэрщ, абы къыдэкІуэу Адыгейм и Лъэпкъ музейм и экспонат телъыджэхэр яшащ.

- Шэч къытесхьэркъым а музей проектым лъэпкъ куэду зэхэт, зыуэ щыт ди къэралым ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэсу зыщыбгъэгъуэзэну Іэмал къуэзеритынум. Хуабжьу гуапэщ Урысейм и щІыналъэхэр зэгъэцІыхуным хуэунэтІа а уэзщІыныгъэ Іуэхум Адыгейр екІуу зэрыхэтар, - щитхащ социальнэ сетхэм Адыгейм и Іэтащхьэ Къумпİыл Мурат.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуахым республикэм и Іэтащхьэм и цІэкІэ Къэрал тхыдэ музейм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ Адыгейм щэнхабзэмкІэ и министр Аулъэ Юрэ:

- ИкъукІэ гуапэщ икІи мыхьэнэшхуэ иІэщ апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэ, зэпыщІэныгъэ ди зэхуаку къызэрыдэхъуам, республикэм и Лъэпкъ музейм и экспонатхэр къишэу мы Іуэху дахэр къызэрызэдгъэпэщам. Проектыр щІыналъэм и щэнхабзэ щІэиныр нэхъыбэм къегъэцІыхунымкІэ лъэбакъуэшхуэщ, къалащхьэм щыпсэухэмрэ хьэщІэхэмрэ Іэмал яІэнущ адыгэ лъэпкъым и тхыдэр къащІэну икІи щІыналъэ, музей зэдэлэжьэныгъэм адэкІи зрагъэужьынущ.

Хъыбарегъащіэ Іэнатİэхэм я лІыкІуэхэм щепсалъэм, Къэрал тхыдэ музейм и генеральнэ унафэщІ Левыкин Алексей къыхигъэщащ: «Проектыр къыдэхъулІащ». Абы ягу къигъэкІыжащ УФ-м и Президент Путин Владимир Урысейм и курыхым и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу игъэува 2026-р Къэрал тхыдэ музейм дежкІэ дамыгъэ хэхауэ зэрыщытыр. Абы къыщыгъэлъэгъуар Урысейм и курыхым и гъащІэм тепсэлъыхь экспонат телъыджэхэм я закъуэкъым, атІэ Кавказым, КъуэкІыпІэ Ищхъэрэм, Жыжьэм теухуа хьэпшыпхэм я коллекцэ абрагъуи щІэлъщ.

- Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр дэ тпэгъунэгъу дыдэщ икІи мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы и налкъут налъэу щытынущ «Адыгэхэр» зыфІэтща мы гъэлъэгъуэныгъэр. Тхыдэм и лІэщІыгъуэ куэд лъандэрэ урысхэмрэ адыгэхэмрэ зэгъусэу щытащ: Курыт ЛІэщІыгъуэ пасэми Грозный Иван и лъэхъэнэми. Дигу къэдвгъэгъэкІыж абы и щхьэгъусэ Марие, Черкасскэ пщыхэр, дзэзешэхэр, дипломатхэр - XIX лІэщІыгъуэм Урысейм и къэрал лэжьакІуэу щытахэр. Мы гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ абыхэм ятеухуахэри, - къигъэнэІуащ Левыкин Алексей.

Гъэлъэгъуэныгъэм адыгэхэм я тхыдэм и лъэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыхьащ. Пасэрей зэманхэр уи нэгу къыщІегъэхьэ Белореченскэ, нэгъуэщІ Іуащхьэ зыкъомым къыщІаха артефактхэр. ЩІыпІэ Іэпщlэлъапщlэхэм, гъукІэхэм, дыщэкІхэм, Іэщэщlхэм я хьэпшыпхэм къищынэмыщlауэ щыболъагъу адыгэхэм я сату зэпыщІэныгъэхэм, Византием, Кърым хъаныгъуэм, Уэсмэн, Урысей империехэм пыщІауэ щыщыта тхыдэм и пычыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхьэт техъуэ хьэпшыпхэр.

Адыгейм и Лъэпкъ музейм и лэжьакІуэхэу мы махуэхэм Москва щылажьэхэм къыхагъэщ «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр. Адыгэхэр» проектым хуабжьу зэрызыхуагъэхьэзырар. Стенд къэс, экспонат къэс, пкъыгъуэ щхьэхуэ псори егупсысауэ ягъэуващ, адыгэ щэнхабзэм и дунейм тыншу ухэгъуэзэн папщІэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм и куратор, Лъэпкъ музейм м унафэщІым и къуэдзэ Щоджэн Налмэс зэрыжиІамкІэ, адыгэхэр лъэпкъ щхьэхуэу къэгъэлъэгъуэным, абы и тхыдэм и лъэхъэнэ нэхъыщхьэхэм цІыхухэр щыгъуазэ щІыным къищынэмыщІауэ, дэтхэнэ адыгэ цІыхури и хэку цІыкІум зэрыригушхуэмрэ хуиІэ лъагъуныгъэмрэ къагъэлъэгъуэну иужь итщ.

- Ди дежкІэ мы проектым лъапІэныгъэшхуэ иІэщ. Дэ нэхъапэми музей инхэм, федеральнэ утыкухэм дихьащ. Ауэ Къэрал тхыдэ музейр апхуэдэ псоми я нэхъыщхьэщ жыпІэ хъунущ: федеральнэ музейхэми, щІыналъэхэм щыІэхэми. Абы и хэщІапІэм езыр-езыру къыбжеІэ ар: Утыку Плъыжь, унэ 1. Адыгейм и Лъэпкъ музейм къыбгъэдэкІыу экспонат 365-рэ къэтшащ. Ахэр псори проектым лъабжьэ хуэхъуам тету къыхэтхащ - X лІэщІыгъуэм ирихьэлİэу зы лъэпкъыу зэфІэува адыгэхэм я гугъу дощІ, - къыддэгуэшащ Налмэс.

Гъэлъэгъуэныгъэр Іыхьиплİу зэхэтщ: «Археологиемрэ этнографиемрэ», «Адыгэ махуэшхуэхэр», «Цlыхухъу дунейр», «Цlыхубз дунейр». Іыхьэ къэс езым и щІыкІэкІэ гъэщІэгъуэнщ. «Археологиемрэ этнографиемрэ» нэхъыбэу къагъэлъагъуэ Къэрал тхыдэ музейми Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музейми щахъумэ артефактхэр. «Цlыхухъу дунейм» лъабжьэ хуэхъур XIX - XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдз